

TATA PANGIBADAH GKJ KOTAGEDE

===== | Minggu, 30 Agustus 2026 ~ Jam 07.00 (Minggu Biasa/Wulan Kebangsaan) | =====

Pamaosing pawaros pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

Prdt.: Pasamuwan ingkang kinasih, Pangibadah ing Minggu punika mujudaken pungkasaning Wulan Kebangsaan tahun 2026. Sesarengan kita badhe ngraos-ngraosaken kadospundi gesang kita ing satengahing bangsa Indonesia.

Sumangga kita nyatunggilaken manah, sowan ing ngarsanipun Gusti ing pangibadah punika. Mugi lumantar pangibadah punika kita samsaya kakiyatakan kangge lelados ing satengahing bangsa.

Pasamuwan kaaturan jumeneng, sesarengan kita lumbet ing pangibadah punika kanthi ngrepekaken **KPJ 2: 1,2 “Allah Maha Suci”**, kita repekaken kanthi jumeneng.

- 1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki,
Agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya.
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.
- 2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangsanani dosa.
Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayem.
Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

VOTUM lan SALAM (*jumeneng*)

Pdt: Pangibadah punika kita sengker kanthi pengaken: Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tukung pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sedherek sedaya. Amin

ATUR PAMBUKA (*lenggah*)

Imam: Pasamuwan ingkang dipun-tresnani Gusti.

Gesang lumampah, boten sarwa sekeca lan nengsemaken manah Gesangipun tiyang pitados ing satengahing bangsa punika, ugi boten uwal saking pepalang, ingkang kalanipun ndadosaken iman ringkih, gesang lajeng dipunkuwaosi dening raos ajrih: ajrih menawi kecalan kanikmatan kadonyan, ajrih kecalan panguwaos lan kalenggahan, ajrih aben ajeng kaliyan pangancam. Pambangun turut dhateng Gusti lajeng katilar. Kamangka namung Gusti ingkang nanggél sawetahing gesang.

Ing Minggu punika, Gusti nimbali kita Kangge mikul salib kanthi kasetyan, wantun nilaraken kawontenan ingkang sampun sekeca, murih njejegaken kayektosan lan nuwuhaken katentreman.

Ing satengahing bangsa Indonesia ingkang kebak kaprihatosan, punapa kita wantun “Nilaraken kawontenan ingkang sampun sekeca kangge lelados ing satengahing bangsa”?.

KIDUNG PAMBUKA

Imam: Sumangga kita puji asmanipun Gusti saking **KPJ 23: 1,2 “Puji Mring Allah”**

- 1) Puji mring Allah, Pangeran Kang Mahawisesa. Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa. Pangidungnya klayan bingah ing manah, nggunggung Gustining pratitah.
- 2) Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira. ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya. wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa. tinebus temah waluya.

PANGAKENING DOSA

Pdt: Sumangga kita tampi angger-angger katresnan saking Gusti kados ingkang sinerat ing **Mateus 22: 37-40**, ingkang makaten:

Paring wangsulane Gusti Yesus: “Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau.”

Pasamuwan ingkang kinasih, mboten wonten setunggal kémawon ing antawis kita ingkang saged netepi dhawuh punika kanthi sampurna. Kita langkung asring ngasihi dhiri kita piyambak katimbang ngasihi Gusti lan sesami, pramila mangga kita nélakaken keduwung lan pamratobat kita, kanthi pandonga sacara pribadi.

[Ening sawetawis / pandonga pribadi]

Pdt: Dhuh Gusti, makaten sadaya pangakening dosa-dosa kawula ingkang kawula unjukaken kanthi tulusing manah dhumateng Paduka. Kawula nyadhong sih-kawelasan Paduka. Mugi paring pangaksama. Amin.

KIDUNG PANELANGSA

Imam: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita nelangsani dosa kita, kanthi ngrepek-aken kidung panelangsa saking **KPJ 63: 1,2 “Tyang Najis Ndlarung Dosa”**

- 1) Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha...**Refr...**

Refr. Nyuwun suci, aduh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci

- 2) Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi
Aduh Gusti, mugi karsa mbirat dosa kula**Refr...**

PAWARTOS SIH-RAHMAT

Pdt: Rahayu sok sintena ingkang ngakeni dosanipun, awit Panjenganipun kersa maringi sih rahmat pangapunting dosa, kados pangandikan- Ipun ingkang sinerat ing **Rum 3: 23-24**, ingkang mekaten suraosipun: *“Marga kabeh wong wis padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah, lan padha kabenerake kanthi lelahanan awit saka sih-rahmate lumantar panebuse Sang Kristus Yesus.”*

Mekaten pawartos sih rahmatipun Gusti

KIDUNG KASANGGEMAN (*jumeneng*)

Imam: Kitaanggapi pawartos sih rahmat saking Gusti punika kanthi ngrepekaken Kidung Kasanggeman saking **KPJ 113: 1,3** **“Gusti Yesus Sang Pamarta”**. Kita repekaken kanthi jumeneng

- 1) Gusti Yesus Sang Pamarta, kula ndherek Paduka,
manggul salib ing slaminya klayan bingahing dria.
Kula Paduka kiyatken, sageda tahan sisah;
sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah.
- 3) Karibedan lan sangsara krana ndhèrèk Paduka,
ngiyatken tékating manah, nggayuh Kratoning Allah.
Datan geter datan wedi neksèni Injil suci,
mrih gesang langgeng katampi, wit tinunggil ing Gusti.

PALADOSAN PANGANDIKA (*lenggah*)

▪ **Pandonga Eplikese** (*nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

▪ **Pamaosing Kitab Suci**

PS : Waosan Kitab Suci kapethik saking Rahayu ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti saha sami dipun estokaken. Haleluya!

J : (*ngrepekaken*) **Haleluya!**

▪ **Khotbah**

▪ **Wekdal Ening**

PANDONGA SAFAAT kapungkasan **DONGA RAMA KAWULA** (*kakidungaken*)

PISUNGSUNG SOKUR (*dening pradata*)

▪ **Dhasar Pisungsung → 2 Timotius 1: 3a**

“Aku saos sokur marang Gusti Allah, sing dakladosi klawan ati resik, kaya patrape para leluhurku dhek biyen.”

▪ **Kidung Pisungsung → KPJ 161: 1,2 “Jiwa Raga Kawula”**

- 1) Jiwa raga kawula, konjuk mring Sang Pamarta, mugi dados lantaran, kamulyaning Pangeran, kamulyaning Pangeran.

Kantong pisungsung kaedaraken, kairing instrumen.

*Sasampunipun kantong kaedaraken, **Pasamuwan Tetep Lenggah** lan ngidungaken pada saklajengipun*

- 2) Tangan suku kawula, nindakken pakaryanNya. Mrih sesame basuki, nampeni sihing Gusti, nampeni sihing Gusti.

▪ **Pandongga Pisungsung**

PANGAKEN PITADOS RASULI (*jumeneng*)

Imam: Pasamuwan kasuwun jumeneng, Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang makaten: **Kawula pitados.....**

PANGUTUSAN lan BERKAH

Pdt: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti. Dadosa seksinipun Gusti wonten ing pundi papan, lan panjenengan tampi berkahipun Gusti: Sih rahmatipun Gusti Yesus saha sihipun Gusti Allah tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci wonten ing para sedherek sedaya. Amin.

KIDUNG PANUTUP

KPJ 452: 1,2 "Tekading Manah Kawula"

- 1) Tékadang manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti, yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
Refr. Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.
- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngantos slami-laminya, martosaken Injil Suci, dimèn samya waluya....**Refr...**